



Pou Piblikasyon Imedya: 14/01/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL AP BAY NOUYÒKÈ YO MIZAJOU SOU TAN EKSTRÈM AK ENTÈDIKSYON VWAYAJ NAN LWÈS NEW YORK**

*Grand Island, Tonawanda, Amherst, Clarence ak Newstead pral re-ouvri pou sikilasyon machin nan 3:30 PM jodi a*

*Entèdiksyon vwayaj la rete an plas nan Konte Santral Erie ak anpil vil nan sid; Machin komèsyal yo gen entèdiksyon sou Otowout Eta New York la ant Soti 46 la ak vwa Eta Pennsylvania*

*Gen plis mizajou nou prevwa a 7 PM aswè a*

*Nouyòkè yo dwe kontinye rete lwen wout yo epi evite depasman ki pa nesesè*

*Sistèm meteyo ki gen efè lak yo pral kontinye kreye apeprè kondisyon vwayaj ki enposib ak danjere avèk kondisyon tanpèt nèt pandan tout dimanch*

*Kondisyon ki ka menase lavi ki gen ladan van ki lakòz domaj, tanperati glasyal ak nèj efè lak*

*Eta Ijans lan anvigè pou plizyè konte; Gad Nasyonal New York la deplwaye nan Lwès New York pou kore operasyon entèvansyon ijans yo Pèsonèl rechèch ak sovtaaj la deplwaye nan Lwès New York*

*Nou ankouraje Nouyòkè yo prepare pou koupi kouran ki posib ak lòt enpak tan sezon ivè ki grav*

*Nouyòkè yo kapab enskri pou alèt ijans yo [isit la](#)*

Gouvènè Hochul ak otorite lokal yo te anonse jodi a ke yo pral leve entèdiksyon total vwayaj pou pasaje ak machin komèsyal nan Konte Erie nan Grand Island, Tonawanda, Amherst, Clarence ak Newstead jodi a nan 3:30 PM. Konte Santral Erie ak anpil vil nan sid pral rete anba yon entèdiksyon vwayaj konplè jiska nouvèl lòd, epi otowout (thruway) la rete fèmen pou sikilasyon komèsyal yo ant Soti 46 la ak vwa Eta Pennsylvania a. Yo konseye chofè yo pou yo rete lwen wout yo epi evite vwayaj ki pa nesesè.

"Ekip nou yo ap travay tout lajounen ak lannuit pou kenbe wout yo klè ak Nouyòkè yo an sekirite, epi mwen rekonesan ke vas majorite Nouyòkè yo te respekte entèdiksyon nou an epi yo te rete lwen wout la," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pandan kondisyon yo ap amelyore nan vil nò yo, n ap leve entèdiksyon vwayaj la, men si w pa oblije vwayaje jodi a, rete lakay ou epi kite ekip nou yo kontinye travay. Si w nan Konte Santral Erie ak nan anpil nan vil sid yo, kontinye rete lakay ou."

Nou ankouraje Nouyòkè yo nan Lwès New York pou yo rete lakay yo pandan peryòd tanpèt la. Vwayaje nan zòn ki afekte yo ka danjere pafwa pandan tout aswè a akòz kondisyon tanpèt nèj la ki menase lavi. Nou ankouraje Nouyòkè yo pou enskri pou alèt ijans lè yo abone nan Alè NY nan <https://alert.ny.gov>, yon sèvis gratis ki bay enfòmasyon ijans gratis sou telefòn ak òdinatè ou.

Kounye a, gen 25,569 pann nan tout eta a, ki gen ladan 18,518 pann nan rejyon Mid-Hudson, 90 nan Lwès New York ak 42 nan North Country. Ekip sèvis piblik yo te reponn ak nivo pann kouran yo ki te rive jiska prezan, epi yo rete an atant pou retabli nenpòt pann kouran adisyonèl si ak lè yo rive.

Gouvènè Kathy Hochul te deklare Eta Dijans jodi a pou avèti ak prepare Nouyòkè yo pou kondisyon tan yo prevwa ki posib pou danjere epi menase lavi moun ke yo prevwa k ap afekte kominote sou Lak Erie ak Lak Ontario avèk tanpèt nèj. Eta Dijans lan rete anvigè epi aplike pou konte sa yo: Allegany, Cattaraugus, Cayuga, Chautauqua, Erie, Genesee, Jefferson, Lewis, Livingston, Monroe, Niagara, Ontario, Orleans, Oswego, Wyoming.

Byen bonè nan maten an, entèdiksyon vwayaj la te leve nan vil Collins, North Collins, Concord, Sardinia, Colden ak Holland, ansanm ak vilaj North Collins ak Springville.

### **Abri Konte ki Chofe**

Eta New York kontinye jere abri ki chofe yo avèk kabann, zòrye, ak dra, ansanm ak konseye sante mantal nan chak sit pou asistans avèk itilizasyon enstalasyon yo. Gad Nasyonal New York ak Ekip Jesyon Ensidan Eta New York la ap jere sit sa yo:

- Erie Community College (Kanpis Sid), 4041 Southwestern Blvd, Buffalo, NY 14203
- Windom Elementary School, 3870 Sheldon Rd, Orchard Park, NY 14127
- Orchard Park Middle School, 60 South Lincoln Ave, Orchard Park, NY 14127

Vil of Buffalo te ouvri tou abri ki chofe yo, w ap jwenn plis enfòmasyon [isit la](#). Eta New York te bay dlo ak MRE (manje ki tou pare) pou abri chofaj eta ak vil yo.

### **Rechèch ak Sovtaj**

New York te ogmante lòt resous rechèch ak sovtaj yo nan Lwès New York an repons a tanpèt sa a ki gen ladan:

- 33 veyikil Eta a swiv
- 50 4x4

- 25 veyikil militè

Resous adisyonèl yo disponib deyò zòn tanpèt la epi pare pou deplwaye si sa nesèsè, epi eta a ap kowòdone ak Konte a pou angaje klèb motonèj yo pou jwenn èd adisyonèl tou.

### **Aktivite Ajans lan**

#### **Otorite Transpò Niagara Frontier**

Otorite Transpò Niagara Frontier (Niagara Frontier Transportation Authority, NFTA) ap bay kliyan yo otobis, tren, ak sèvis transpò adapte, dapre kondisyon metewolojik yo.

Anvan kliyan yo pran lari, yo ta dwe tcheke sit entènèt NFTA a nan

<https://metro.nfta.com/schedules/plan-your-trip>. Ayewopò Buffalo rete ouvè, men pifò vòl komèsyal yo te anile, vwayajè yo ta dwe tcheke ak konpayi avyon yo konsènan estati vòl yo anvan yo ale nan ayewopò a.

#### **Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo nan Eta New York**

Divizyon an te aktive Sant Operasyon Ijans Eta a nan Albany pou kowòdone repons Eta a pandan tout evènman move tan an. Biwo Jesyon Ijans yo an kontak ak tokay lokal yo epi li prepare pou fasilite demann pou asistans, epi rezèv Eta a gen anplwaye epi yo pare pou deplwaye resous pou repons ijans ak pwovizyonabri jan sa nesèsè.

Plan Mobilizasyon kont Ensandi ak Èd Mityèl Eta a aktive epi Biwo Prevansyon ak Kontwòl Ensandi Eta a gen 24 pèsonèl ak divès kalite machin repons pou ijans ki disponib nan Ayewopò Buffalo. Ekip Jesyon Ensidan Eta New York la te deplwaye nan Lwès New York anvan tanpèt la pou ede ak travay ki gen rapò ak jesyon ijans yo.

#### **Divizyon Afè Militè ak Lamarin**

Divizyon Afè Militè ak Naval (Division of Military and Naval Affairs) Eta New York la ap mobilize 100 Sòlda ak Avyatè avèk 25 veyikil ki soti nan Gad Nasyonal New York la pou bay soutyen jeneral a Lwès New York.

#### **Depatman Transpò Eta New York la**

Depatman Transpò Eta a ap reponn aktivman ak move tan sa nan tout eta a avèk plis pase 3,700 operatè ak sipèvizè ki disponib nan tout eta a. Yo ka konfigire anplwaye yo nan nenpòt ki kalite ekipaj repons ki nesèsè (entèvansyon kont inondasyon, dechiktez, chajman ak transpò, vidaj egou, koup ak lans, siyal sikilasyon, elatriye). Tout rezidans nan kote ki afekte yo pral gen anplwaye pou yo ka fonksyone 24/24, 7/7 ak operatè, sipèvizè, ak mekanisyen pandan tout tan evènman an ak operasyon netwayaj priyoritè yo.

Anplis resous ki egziste yo, Depatman an te deplwaye 74 anplwaye, ki gen ladan 54 operatè siplemantè, 11 sipèvizè, sis fòmètè pou ekipman, de espesyalis Sipò Kòmmanman nan Ka Ensidan ak yon reprezantan sekirite nan Lwès New York, ansanm ak 25 gwo chasnèj, twa gwo souflè nèj, de chajez ak yon aparèy pou fè nivèlman. Anplis de sa, gen kat teknisyen siyal trafik ki deplwaye nan rejyon Finger Lakes.

Men resous yo pou tout Eta a:

- 1,599 chasnèj
- 337 chajè
- 148 chasnèj mwayen
- 82 ekskavatris ak wou ak cheni
- 52 remòk chasnèj
- 37 aparèy pou soufle nèj
- 32 kamyon siyal trafik
- 23 kamyon baskil ki gen chari
- 20 aparèy pou fè nivèlman
- 13 ekip pou pyebwa avèk kamyon nasèl

Pou w jwenn enfòmasyon sou kondisyon vwayaj an tan reyèl, otomobilis yo dwe rele 511 oswa vizite <https://www.511ny.org> oswa sit mobil la nan [m.511ny.org](https://m.511ny.org), sous enfòmasyon sou kondisyon vwayaj ak sikilasyon ofisyèl Eta New York la.

### **Otorite Thruway**

Anplwaye Otorite Thruway Authority (Thruway Authority) yo patisipe aktivman nan aktivite nèj ak glas epi reponn ak tanpèt efè lak la avèk 700 operatè ak sipèvizè ki disponib nan tout eta a. Otorite a te transfere plis anplwaye ak ekipman pou konbat nèj ki soti nan Divizyon Syracuse, Albany ak New York yo pou soutni operasyon nèj ak glas yo nan Lwès New York pandan tout wikenn lan. Anplwaye yo ap kontwole tanpèt la kounye a epi gen operatè ak ekipman ki sou stennbay epi k ap deplwaye si kondisyon yo jistifye sa.

Kantite ekipman ak resous ki genyen nan tout eta a repati konsa:

- 364 kamyon chasnèj pwa lou ak pwa mwayen
- 10 remòk chasnèj
- 64 lodè
- Apeprè 120,000 tòn sèl disponib

Yo itilize Pano pou Mesaj Varyab ak rezo sosyal yo pou avèti otomobilis yo sou kondisyon move tan ivè pandan yo sou Thruway la.

Otorite Thruway yo ankouraje otomobilis yo telechaje [aplikasyon mobil](#) li an, ki disponib gratis sou aparèy iPhone ak Android yo. Aplikasyon an bay otomobilis yo aksè dirèk ak enfòmasyon sou sikilasyon an nan tan reyèl, kamera sikilasyon yo nan tan reyèl, ansanm avèk asistans pou navigasyon pandan yo sou wout. Otomobilis yo ka enskri tou pou imèl [TRANSalert](#) epi swiv [@ThruwayTraffic](#) sou X pou dènye enfòmasyon sou kondisyon sikilasyon sou Thruway la.

### **Depatman Sèvis Piblik**

Konpayi sèvis piblik elektrisite yo ki reglemante pa Depatman Sèvis Piblik (Department of Public Service, DPS) la gen apeprè 11,400 travayè ki disponib nan tout eta a pou angaje nan efò entèvansyon, reparasyon ak restorasyon yo pou evènman klimatik

sezon ivè wikenn sa. Sa gen ladann lòt travayè kontra ekstèn sa yo ki te rete nan Eta a apre yo te fini travay yo ki gen rapò ak tanpèt nan kòmansman semèn nan.

Repatisyon resous pou evènman tan ivè sa a se konsa:

- NYSEG/RG&E gen 4,798 travayè antou ki enkli 3,030 travayè nan liy ekstèn ak 436 travayè pou pye bwa ekstèn.
- National Grid gen 4,362 travayè antou ki enkli 2,069 travayè nan liy ekstèn ak 382 travayè pou pye bwa ekstèn.
- Con Edison gen 750 travayè disponib ki enkli 100 ouvriye liy ki gen kontra ekstèn, yo asiyen pou Divizyon Operasyon Bronx/Westchester yo a.
- Orange ak Rockland gen 270 travayè ki disponib pou evènman meteyo wikenn lan.
- Central Hudson gen 135 travayè
- PSEGLI: gen 1,134 travayè disponib.

Plan repons ijans ak estrikti kòmmanman ensidan sèvis piblik yo rete aktive pou swiv entèkansyon, evalyasyon domaj, efò reparasyon ak restorasyon pandan tout evènman an. Pèsonèl DPS la pral kontinye swiv travay sèvis piblik yo pandan tout evènman an epi asire konpayi sèvis piblik yo voye anplwaye apwopriye yo nan rejyon ki gen pi gwo enpak yo. Si yo sispann sèvis ou a, vizite [sit entènèt](#) Entèripsyon Sèvis Piblik DPS la pou jwenn konsèy.

### **Lapolis Eta New York**

Lapolis Eta a ap siveye kondisyon metewolojik yo epi deplwaye man m Patwouy anplis, nan zòn ki afekte yo jan sa nesesè. Tout machin katpakat ak veyikil espesyalize Lapolis Eta a yo, ki gen ladan motonèj, idwoglès ak veyikil itilite tout tèren yo, anplas epi ekipman ki nesesè yo ap itilize pou entèkansyon imedyà jan sa nesesè. Tout ekipman alimantasyon elektrik ak kominikasyon sekou yo ap fonksyone kòm sadwa.

### **Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal Eta New York la**

Anplwaye Jesyon Ijans DEC, Ofisye Lapolis Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal, Gad Forè yo ak anplwaye rejyonal yo rete an alèt epi yo ap kontinye siveye sityasyon ki ap devlope a ak previzyon metewo yo. DEC ap kowòdone deplwaman resous ak patnè ajans yo avèk tout resous ki disponib yo nan zòn ki sible yo nan preparasyon pou enpak ki posib akòz lapli, nèj, ak gwo van, ki enkli ekip sekouris nan gwo dlo ak moun ki siye. DEC raple sila yo ki responsab pou netwaye epi jete nèj a gwo echèl pou swiv pi bon pratik jesyon pou ede anpeche inondasyon epi redui posibilite pou gen polyan tankou sèl, sab, gaz, fatra ak lòt debri nan nèj pou yo pa afekte kalite dlo a. Eliminasyon nèj nan rivyè ak kouran dlo lokal yo ka kreye baraj glas ki ka lakòz inondasyon nan zòn ki toupre yo. Operatè pou retire nèj piblik ak prive yo ta dwe okouran de pwoblèm sekirite sa yo pandan ak apre tanpèt la. Gen enfòmasyon adisyonèl ki disponib nan [https://extapps.dec.ny.gov/docs/water\\_pdf/togs5111new.pdf](https://extapps.dec.ny.gov/docs/water_pdf/togs5111new.pdf).

**Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation, OPRHP) nan Eta New York**

Lapolis Pak Eta New York ak anplwaye pak yo rete alète epi y ap swiv deprè kondisyon metewolojik ak enpak yo. Yo ap alimante, teste epi prepare ekipman pou repons, pou fè entèkansyon nan ka tanpèt. Pak Eta yo gen ekip pou sye nan Lwès New York ak North Country sou stendbay pou deplwaman pou operasyon netwayaj wout ki posib.

### **Lòt konsèy sekirite**

Meteyo sezon ivè:

- Sèvis ekipman pou retire nèj. Itilizasyon sèl jèm pou fonn glas sou wout yo, ak sab pou kreye rezistans.
- Amenaje kay nou pou ivè a epi fè enspekte sous chofaj yo chak ane.
- Si ou itilize gaz pou chofaj, kenbe yon rezèv ki apwopriye.
- Mete ekipman chofaj ijans ki sekirize disponib epi itilize yo dapre enstriksyon fabrikan an.
- Enstale epi verifye sistèm alam pou lafimen.
- Pwoteje tiyo dlo yo pou yo pa jele.

### **Deplasman nan klima sezon ivè**

Men kèk nan konsèy ki pi enpòtan pou woule ansekirite:

- Pa kondui, sof si sa nesèsè.
- Si ou dwe vwayaje, asire ou ke otomobil ou gen materyèl pou siviv tankou lenn, yon pèl, flash ak pil anplis, rad cho anplis, yon pè chèn pou kawotchou, kab boustè pou batri, manje ki bay enèji rapid ak rad ki gen koulè klere pou sèvi kòm drapo detrès.
- Si ou gen telefòn selilè oswa lòt aparèy kominikasyon tankou yon wòki tòki disponib pou ou sèvi, kenbe batri a chaje epi kenbe l avè ou tout lè ou ap vwayaje. Si ou ta vin bloke, ou ap kapab rele pou mande èd, enfòmè sekouris yo sou kote ou ye.
- Prensipal kòz lanmò ak blesi pandan tanpèt ivè se aksidan transpò. Anvan ou chita dèyè volan, pa bliye retire glas ak nèj ki sou machin ou an; bon vizyon se sekre kondui byen. Planifye arè ou yo epi kite plis distans ant machin yo. Pote plis atansyon epi sonje pil nèj yo ka maske timoun ki pi piti yo. Toujou koresponn vitès ou selon kondisyon wout la epi selon meteyowolojik.
- Li enpòtan pou chofè ki sou tout wout yo konnen vitès chasnèj yo se 56 kilomèt alè, sa ki nan anpil ka pi ba pase limit vitès ki make a, pou yo ka garanti sèl yo simen an rete nan vwa sikilasyon yo epi pa dispèse andeyò wout yo. Anpil fwa sou otowout ant eta yo, chasnèj yo opere kòtakòt, kòm se fason ki pi efikas epi ki ofri plis garanti pou netwaye plizyè vwa yon sèl kou.
- Chofè machin ak pyeton dwe sonje chofè chasnèj yo ka wè devan yo sou yon distans limite, epi gwosè ak pwa chasnèj yo ka fè l difisil pou manevre epi frennen touswit. Nèj chasnèj la ap soufle dèyè li ka diminye vizibilite anpil oubyen kreye yon vwal blan. Chofè machin yo pa ta dwe eseye double chasnèj yo, ni swiv yo twò pre. Kote ki gen plis sekirite pou chofè machin yo woule se lwen dèyè chasnèj yo, kote wout la klè epi gen sèl sou li. Pa janm eseye pase sou yon chasnèj pandan l ap fonksyone.

### **Blakawout yo**

### Planifikasyon:

- Si ou itilize medikaman ki mande pou ou mete yo nan frijidè, pifò ladan yo ka rete nan yon frijidè ki fèmen san pwoblèm - mande doktè ou oswa famasyen w lan.
- Si ou gen espas nan frijidè oswa nan frizè ou, panse ranpli resipyan plastik avèk dlo, kite espas yon pous andedan yo chak, – sa ap ede kenbe manje yo frèt si pa ta gen kouran.
- Prewwa pou genyen lòt mwayen pou fè manje tankou recho pou kanping oswa griy pou deyò. Swiv règ sekirite ki apwopriye pou itilizasyon deyò rezidans lan.
- Konsidere achte yon dèlko epi swiv règ pou itilize li deyò rezidans lan. Anvan ou enstale yon dèlko, asire ou ke ou byen dekonekte de sèvis elektrik konpayi sèvis piblik ou an. Si li posib, fè yon elektrisyen ki kalifye enstale dèlko a pou ou.
- Se pou w genyen dra, manto, chapo ak gan siplemantè ki disponib pou kenbe ou cho.
- Si ou genyen òdinatè, fè bakòp fichye ak sistèm operasyon yo regilyèman. Etenn tout òdinatè, ekran, ak lòt aparèy yo lè ou p ap itilize yo.
- Si ou gen yon ouvèti elektrik pou pòt garaj la, lokalize nivo pou devewouye manyèlman an, epi aprann kijan li fonksyone.
- Si ou gen yon enstriman telefòn oswa sistèm ki egzije elektrisite pou fonksyone, prewva lòt chwa kominikasyon tankou yon bwat telefòn nòmal, telefòn selilè, oswa radyo.

### Kisa pou w fè si kouran an koupe

- Fèmen oswa dekonekte gwo aparèy ansanm ak lòt ekipman yo, sa vle di, òdinatè yo, nan ka yon sichaj elektrik momantane ki kapab andomaje aparèy sa yo. Kite yon limyè limen pou ou konnen lè kouran retounen. Konsidere itilize pwotektè kont wot tansyon tout kote ou itilize ekipman elektwonik.
- Rele konpayi itilite ou la pou ou fè yo konnen pa gen kouran epi koute emisyon radyo lokal ou yo pou enfòmasyon ofisyèl yo. Tcheke konpayi sèvis piblik ou a pou ou ka konnen orè reparasyon nan zòn nan.
- Voye je pou wè si vwazen ak moun ki gen aksè oswa bezwen pou fonksyone yo gen kouran.
- Itilize flash sèlman pou ekleraj nan ka ijans – bouji ka lakòz dife.
- Kite pòt frijidè oswa frizè yo fèmen - pifò manje ki mande refrijerasyon yo ka rete nan frijidè an tout sekirite pandan plizyè èdtan. Yon frijidè ki rete fèmen pral kenbe manje yo frèt pandan apeprè kat (4) èdtan. Yon frizè ranpli pral kenbe tanperati l pou apeprè 48 èdtan.
- Pa itilize gri chabon anndan kay epi pa itilize fou gaz pou chofe kay la – yo ka emèt yon kantite monoksid kabòn ki danjere.
- Rete ocho lè ou mete plizyè kouch rad epi minimize tan ou pase deyò. Fè atansyon a sentòm estrès fredri lakoz yo (tankou ipotèmi) epi chache jwenn swen medikal apwopriye si ou vin gen sentòm sa yo.
- Fèmen chanm ou pa bezwen yo.

### Pou rapòte yon blakawout, rele:

- Central Hudson: 800-527-2714
- Con Edison: 800-752-6633

- National Grid: 800-867-5222
- NYSEG: 800-572-1131
- O&R: 877-434-4100
- PSEG-LI: 800-490-0075
- RG&E: 800-743-1701

### **Sekirite pou Chofaj**

- Sèvi ak sous chalè altènatif ki an sekirite sèlman tankou yon chemine, ti recho a bwa oswa a chabon ki byen ayere oswa aparèy chofaj pòtab.
- Lè w ap itilize sous chalè altènatif tankou yon chemine, recho a bwa, elatriye, toujou asire w ke ou gen bon vantilasyon. Toujou Swiv enstwiksyon fabrikan yo.
- Kenbe rido, sèvyèt ak manchon pwoteksyon yo lwen sifas cho.
- Gen yon ekstenktè ak detektè lafimen epi asire w yo fonksyone.
- Si w itilize aparèy chofaj ki mache ak kewozèn pou konplete gaz chofaj regilye w la, oswa kòm yon sous chalè ijans, swiv konsèy sekirite sa yo:
  - Swiv enstwiksyon fabrikan yo.
  - Sèvi ak gaz ki kòrèk la sèlman pou inite w la.
  - Remete konbistib deyò sèlman epi lè inite a frèt sèlman.
  - Kenbe aparèy chofaj nan yon distans omwen twa pye ak mèb yo lòt eleman konbistib yo.
  - Lè w ap itilize aparèy chofaj la, sèvi ak pwoteksyon kont dife epi vantile byen.

### **Inondasyon**

#### **Planifikasyon:**

- Chèche konnen wout ki gen mwens danje a pou soti lakay ou oubyen biznis ou, pou rive sou teren pi wo ki pa gen danje sizoka ou dwe kite nan prese.
- Kenbe machin ou ak gaz oswa chaj. Si kouran elektrik la koupe, estasyon gazolin ka p ap ka bay gaz pandan plizyè jou. Kenbe yon ti pwovizyon nan kòf machin ou sizoka ta gen katastwòf.
- Chache konnen konbyen pye pwopriyete w la mezire anlè ak anba nivo inondasyon posib yo. Lè yo fè w konnen nivo inondasyon yo prevwa, ou ka wè si ou gen risk pou inonde.
- Kenbe materyèl tankou sak sab, playwoud, fèy plastik ak bwa sou lamèn pou rezistans nan dlo nan sitiyaasyon ijans.

### **Sekirite pou Deplasman**

- Inondasyon ak van ki lakòz domaj ka rann deplasman danjere.
- Pa janm eseye kondui nan yon wout ki inonde – fè yon lòt wout. Sonje: "Kase tèt tounen, Pa Nwaye."
  - Sis pous dlo k ap kouri rapid ka fè w pèdi kontwòl machin ou oswa fè w tonbe si w ap mache.
  - Pa souzestime pwisans destriksyon dlo k ap kouri vit. De pye dlo inondasyon k ap kouri rapid ap fè machin ou flote epi dlo k ap kouri ak yon vitès twa vigil de kilomèt pa èdtan ka pote ale machin ki sou wout oswa sou yon pon.
  - Si dlo a kòmanse monte rapid bò kote ou, abandone machin lan imedyatman.



- Si dlo a ap monte anndan veyikil la, chèche abrite sou do li. Pa kondui kote ki gen baryè sou wout yo.

Pou plis konsèy sekirite sou Ivè a, vizite <https://dhSES.ny.gov/safety>. Pou tout bezwen sèvis ki pa ijans anvan, pandan oswa apre yon tanpèt nan Eta New York, rele 211 oswa vizite [211nys.org](http://211nys.org).

**Enfòmasyon sou Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans**

[Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo \(Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES\)](#) ofri direksyon, kowòdinasyon ak soutyen pou anpeche, pwoteje kont, prepare pou, reponn a, rekipere apre, epi diminye katastwòf ak lòt ijans. Pou plis enfòmasyon, swiv @NYSDHSES sou Facebook, Instagram, ak X (ke yo te rele Twitter) oswa vizite [dhSES.ny.gov](http://dhSES.ny.gov).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Veye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)